<table>
<tr>
<td>Рассмотрено на заседании методсовета<br>Протокол №<br>______от<br>«____»______2014</td>
<td>СОГЛАСОВАНО<br>Заместитель директора по УВР<br>______________________<br>«____»______2014</td>
<td>УТВЕРЖДАЮ<br>Директор школы<br>В.И.Кабисова<br>«____»______2014</td>
</tr>
</table>

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**
**по учебному курсу «Осетинский язык»**
**6 класс**
**Базовый уровень**

(68 часа)

подготовила
учитель
**Хубецова Э.Р.**

## ÆМБАРЫНГÆНÆН ФЫСТÆГ

6-æм къласы ирон æвзаджы Кусæн программæ цæттæгонд æрцыд Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Программæ арæзт у Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæты быцдурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2005).

**Программæйы нысан:**

- Ирон æвзаг ахуыр кæныны нысантæ æмæ фæстиуджытæ фæхуыздæр кæнын;
- ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ астæуккаг скъолайы мадæлон æвзаг ахуыр кæныны технологитæ ивд кæй цæуынц, уый хынцгæйæ ирон æвзаджы уроктæм ивддзинæдтæ бахæссын;
- астæуккаг скъолайы ирон æвзаг ахуыр кæныны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнын.

**Программæйы мидис:**

Астæуккаг скъолайы ахуырдзауты зонгæ кæнынц ирон литературон æвзаджы нормæтимæ, ахуыр сæ кæнынц хи ныхас литературон æвзагмæ гæсгæ аразыныл. Ацы уавæрмæ гæсгæ ирон æвзаджы ахуыртæ дæр арæзт сты ирон литературон æвзаджы тыххæй скъоладзаутæн зонындзинæдтæ раттынмæ.

Фæлæ уыимæ, ахуырдзауты зонгæ кæнынц ирон æвзаджы равзæрдимæ, йæ структурон арæзтимæ, æвзаджы иуæгтимæ.

Программæ ахуырдзауты зонгæ кæны æвзаджы ахæм æмбарынæдтимæ:

- лексикæ, лексикæйы æмбарынæдтæ; орфографи, орфограммæйы æмбарынад, орфограммæты хуызтæ;
- морфемикæ æмæ дзырдарæзт;
- синтаксис æмæ пунктуаци;
- морфологи, ныхасы хæйттæ: номдар, миногон æмæ нымæцон;
- иумæйагæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтимæ: æвзаджы равзæрды фарстатæ, æвзаджы ахадындзинад æхсæнады царды;
- программæмæ хаст æрцыдысты, ныхасы рæзтыл куыст цы æмбарынæдты быцдурыл арæзт цæуы, уыдон: текст, тексты арæзт, хъуыдыйæдты бастдзинад тексты, тексты функционалон хуызтæ ирон æвзаджы;
- ирон æвзаджы графикæ, орфографи æмæ пунктуаци, æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ.

Ранымад зонындзинæдтæй уæлдай ма программæйы бæрæггонд цæуынц, 6 -æм къласы ахуырдзаутæ цы орфографион, пунктуацион æмæ ныхас аразыны арæхстдзинæдтæ хъуамæ райсой, уыдон дæр.

## 6 -æм къласы Ирон æвзаджы Кусæн программæйы структурæ:

6-æм къласы ирон æвзаджы кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл. Программæйы хъусдард цыд, цæмæй йæ домæнтæ ахуыргæнджытæн уой æнцон баххæстгæнæн, цы æмбарынæдтæ дзы амынд цæуы, уыдон та скъоладзаутæн – æнцон бамбарæн.

Программæйы æрмæджы равæрд у ахæм: синтаксис æмæ пунктуаци, фонетикæ, орфоэпи, графикæ æмæ орфографи, лексикæ, морфемикæ, морфологи.

Ныхасы рæзтыл куыст фæпарахатдæр кæныны тыххæй æвзаджы æмбарынæдтæ лæвæрд цæуынц ныхасы рæзтыл куыстытимæ æнгом бастæй, æвзаджы иуæгтæн ныхасы мидæг цы ахадындзинад ис, уый амонгæйæ. Ныхасы рæзтыл куыстытæн сæ ахадгæдæртæ сты тексты бындурыл æххæсгæнæн фæлтæрæнтæ, кæцытæ бæрцæй лæвæрд цæуынц грамматикæ амоныны куысты хуызтимæ.

Æрмæджы равæрды хынцгонд æрцыдисты скъоладзауты кары хицæндзинæдтæ дæр. Зæгъæм, темæтæ «Лексикæ», «Дзырдарæзт», «Морфологи»-йы æмбарынæдтæй бирæтæ хаст æрцыдисты 5-æм къласы программæйæ 6-æм къласы программæмæ дæр.

Программæйы стыр бынат ахсы рацыд æрмæг фæлхат кæнынын куыст.. Уымæй уæлдай ма алы ног темæ дæр амынд цæуы рацыд æрмæджы бындурыл, кæронæй та æнæмæнг хъуамæ цæуа рацыд æрмæг фæлхат кæнынын куыст.

Программæйы бæррæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

### Кусæн программæйы нысан æмæ хæстæ

**Программæйы сæйраг нысан:** ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» 6-æм къласы ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. 6-æм къласы Кусæн программæйы нысан у: ахуырдзауты æвзаджы æмбарынæдтимæ базонгæ кæнын, практикон æгъдауæй сæ пайда кæнынын фæцалх кæнын.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы ***æвзагон*** æмæ ***лингвистикон, коммуникативон*** компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), ***культурæамонынады*** *(культуроведческая)* компетенци рæзын кæнын.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæнынын, райсын грамматикон зонындзинæдтæ;

æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Ирон æвзаджы» сæйраг хæстæ сты:***

- ахуырты скъоладзаутимæ хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, ирон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон).

**Предметы хицæндзинад:**

***Ирон æвзаг*** у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон æвзаг у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зониндзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: мадæлон æвзаг хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон æвзаджы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы культурæ æмæ царды уагимæ.

Æвзаг канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, æвзаг у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон æвзаджы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

**Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:**

- ✓ скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- ✓ проблемон ахуыртæ;
- ✓ информацион-коммуникативон технологи;
- ✓ æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи;
- ✓ бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- ✓ коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- ✓ проектон-иртасæн технологи.

***Кусæн программæмæ ма хаст ивддзинæдтæ***

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуырадон программæты (Дзæуджыхъæу, «Ир», 2005 аз) 6-æм къласы ирон æвзаг ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы 68 сахаты. Кусœн пргграммœйы сахæтты нымæц дœр у раст  68  (къуыри 2 сахаты).

Нæ  Кусæн программæйы  дæр лæвæрд  цæуы ацы сахæтты нымæц.

Ранымад уавæртæ  зæрдыл даргæйæ, 6-æм къласы ирон æвзаджы  Кусæн программæйы    æрмæг темæтæм гæсгæ лæвæрд цæуы афтæ:

| *Программæйы мидис* | *Сахæтты нымæц 2005 азы фидаргонд Ирон æвзаджы ахуырадон программæйы* | *Сахæтты нымæц Кусæн программæйы* |
|---|---|---|
| Цœмœн у зынаргъ мадœлон œвзаг | 1 сахат. | 1 сахат. |
| 5 къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | 10 сахаты | 10 сахаты. |
| Лексикœ œмœ фразеологи. Ныхасы культурœ | 7 сахаты | 7 сахаты. |
| Номдар | 6 сахаты | 6 сахаты. |
| Миногон | 7 сахаты | 7 сахаты. |
| Нымœцон | 10 сахаты. | 10 сахаты. |
| Номивœг | 13 сахаты | 13 сахаты. |
| Мивдисœг | 7 сахаты. | 7 сахаты. |
| Тексты арæзт, абзац | 2 сахаты | 2 сахаты. |
| Афœдзы дœргъы рацыд œрмœгыл афœлгœст | 2 сахаты | 2 сахаты |
| Хъуыдыйæдты бастдзинад тексты | 1сахат | 1 сахат |
| | | |
| Викторинœ «Мœ афœдзы œнтыстытœ» | 1 сахаты | 1 сахаты |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| Æдæппæт | 68 сахаты | 68 сах. |

***6-æм къласы Кусæн программæйы нысантæ æмæ хæстæ баххæст кæнынæн ахуырты рæстæг пайдагонд цæудзæн ахæм ахуырадон фæрæзтæй***

**Ахуыргæнæн чиныг:** «Ирон æвзаджы чиныг 6-æм къласæн». Автор: Гœбœраты.Н., Дзæуджыхъæу, «Ир», 2008.
**Ахуыргæнæн уæлæмхасæн æрмæг скъоладзаутæн:** «Текстыл куыст ирон æвзаджы урокты». Автор: Майрæмыхъуаты Ф.А., Дзæуджыхъæу, ИПО СОИГСИ, 2011.
**Методикон æрмæг ахуыргæнæгæн:**
1. Гаппуаты Хъ. Дидактикон æрмæг 6-æм къласы ирон æвзаджы уроктæм. Дзæуджыхъæу, «Ир», 19….
2. Майрæмыхъуаты Ф.А. Скъоладзауты изложени фыссынмæ цæттæ кæныныны методикæ.Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2009.
3. Майрæмыхъуаты Ф.А. Сочинени фыссынмæ цæттæгæнæн куыст. Дзæуджыхъæу, ИПО СОИГСИ, 2011.

**Кусæн программæ арæзт у 68 сахатæн,** къуыри – 2 сахаты.
Контролон диктанттæ: 9
Изложенитæ: 7.

**Ахуырты (урокты) хуызтæ:**

Ног æрмæг амоныны урок, рацыд æрмæг (зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ) бафидар кæныны урок, комбинарон урок, урок-беседæ, фæлхат кæныны урок, урок-лекци, урок-хъазт, урок-иртасæн, урок-практикум, ныхасы рæзтыл кусыны урок.

**Ахуырты пайда кæнæн ис ахæм методтæй æмæ мадзæлттæй:**

- рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;
- индивидуалон бафарст;
- фронталон бафарст;
- индивидуалон куысты хуызтæ;
- кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын;
- хи куысты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын (дзырдуатæ, бæрæгуатæй пайда кæнгæйæ);
- алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, лексикон, дзырдарæзтон, морфемикон, морфологион, синтаксисон);
- грамматикон хъæзтытæ, цæсгæмттæм гæсгæ хъæстыт;

- презентаци (компьютерон дæр)  цæттæ кæнынил куыст;

- текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д.;

- алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты текстæ аразын;

- искæй ныхасмæ хъус дарын, искæй ныхасы анализ (ахуыргæнæджы хæсмæ гæсгæ);

- изложенитæ  (æвзаргæ, бæлвырд æмæ æлвæст) алыхуызон текстты быйдурыл;

- сочиненитæ фыссын;

- диктанттæ фыссын;

- орфограммæтæ æмæ пунктограммæтæ амонын.

***Ахуырдзауты архæйдтытæ урочы:***

- хи æмæ искæй ныхасы анализ, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынил куыст;

- алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, лексикон, дзырдарæзтон, морфемикон, морфологион, синтаксисон) æххæст кæнын;

- тексты лингвистикон анализ;

- фысгæ æмæ дзургæ ныхасы анализ: йæ хъæндзинæдтæ сбæрæг кæнын, хъæугæ информаци ма йæм бафтауын, текст фæхъæздыгдæр кæнын æмæ а.д.;

- текстæн пълан аразыныл куыст;

- пъланмæ гæсгæ текст хи ныхæстæй радзурын;

- текст  кæронмæ ахæццæ кæнын;

- тексты рæдыдтытæ сраст кæнын;

- ног текст аразыныл куыст;

- диалогон ныхасы архайын;

- аудировани (текстмæ хъусын, алыхуызон текстты информаци иртасын, тексты хъуыды раст æмбарын,  хъуыдытæ кæрæдзиуыл логикон æгъдауæй бæттын зонын;

- фысгæ ныхас (текст) аразын зонын, хи хъуыдытæ фысгæ ныхасы хуызы раргом кæнынмæ арæхсын;

- темæмæ гæсгæ æнцойгæнæн схемæтæ æмæ таблицæтæ цæттæ кæнын;

- хибарæй (кæнæ къорды кусгæйæ) орфографион æмæ пунктуацион хæслæвæрдтæ бацæттæ кæнын;

- ахуырадон-наукон текстимæ кусын, уæлæмхасæн литературæйæ хъæугæ æрмæг æвзарын, газетты æмæ жкрналты æрмæгимæ кусын, компьютерон дисктимæ кусын, интернеты æрмæгимæ кусын;

- дзырдуæттимæ кусын, хи дзырдуат саразынил куыст;
-  компьютерон презентацитæ цæттæ кæныныл куыст;
- «портфолио» цæттæ кæныныл куыст.

***6-æм къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ бæрæггæнæн куыстытæ:***

- тестытæ;
- диктанттæ / диктант  грамматикон хæсимæ;
- тексты иумæйаг æвзæрст;
- бæлвырд æмæ æлвæст изложенитæ;
- лæвæрд темæйыл таурæгъон сочинени фыссын;
- проблемон фарстæн фысгæ дзуапп рдæттын;
- нывмæ гæсгæ сочинени;
- цардæй ист цауы тыххæй  дзурын,
- предметы æрфыст  цæттæ кæнын;
- лингвистикон темæйыл дзургæ/фысгæ дзуапп  цæттæ кæнын.

**Рацыд æрмæгæй зонындзинæдтæ сбæрæг кæныны куысты хуыз:**

- тест;
- диктант грамматикон хæсимæ.

## ДОМÆНТÆ

6-æм къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм ирон æвзагæй

***Ахуырдзаутæ хъуамæ зоной:***

- 6-æм къласы цы æмбарынæдтимæ базонгæ сты, уыдоны раиртæстытæ; ныхасы æмбарынæдтæ, орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ; лæвæрд фарстæн дзуапп дæттын, дзуапп дæнцæгтæй фидар кæнын.

***Æхсæзæмкъласонтæ ахуыры азы кæронмæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:***

- дзырдтæ фонетикон, морфемикон, дзырдарæзтон æсмæ морфологион æвзæрст кæнынмæ; дывæрсыг хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнынмæ; цы  хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтимæ базонгæ сты, ахæмтæ аразын;
- дзырды нысаниуæг бацамонын, ныхасы мидæг дзы раст пайда кæнын; ирон æвзаджы орфографион æмæ æмбарынгæнæн дзырдуæттæй пайда кæнын;
- литературон æвзаджы нормæтæм хъус дарын.

**Орфографийæ**. Рацыд орфограммæ ссарын; орфографион рæдыд ссарын, сраст æй кæнын; цы орфограммæтæ рацыдисты, уыдонимæ дзырдтæ раст фыссын.
**Пунктуацийæ**. Æрхæцæн нысæнттæй фæхицæн кæнын кæй хъæуы, ахæм хъуыдыйады хæйттæ ссарын, æрхæцæн нысаны æвæрд бацамонын.
**Ныхасы рæзтыл куыстытæй**. Тексты темæ, сæйраг хъуыды æмæ стиль сбæрæг кæнын. Таурæгъон тексты мидис текстмæ хæстæг кæнæ æлвæстæй радзурын. Лæвæрд текстæн кæнæ хи арæзт текстæн пълан бацæттæ кæнын. Лæвæрд темæмæ гæсгæ таурæгъон сочинени фыссын, хи цардæй ист цау радзурын; бацæттæ кæнын предметы æрфыст, цæрæгойы æрфыст йæ миниуджытæм гæсгæ, ныв æрфыст.
Хи тексты хъæндзинæдтæ ссарын, сраст ын кæнын йæ ныхасы рæдыдтытæ (цы æрмæг рацыдисты, уымæ гæсгæ).
Æвзаджы мадзæлттæй дзургæ æмæ фысгæ ныхасы раст пайда кæнын.
Дзырдуæттæй пайда кæнын.

**Хи зонындзинæдтæй пайда кæнын**
- сочинени фысгæйæ;
- диалог æмæ монолог аразгæйæ;
- контролон куыстытæ æххæст кæнгæйæ.

## Скъоладзаутæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:

**Ныхас кæнынимæ баст архæйдтытæ:**
**Хъусын:**
тексты хъуыды раст æмбарын,

сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон текстты информаци иртасын,

тексты сæйраг хъуыды, йæ аразæг хæйттæ иртасын.

**Кæсын:**
- раст æмæ аив кæсын;
- тексты ссарын сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци;
- текст хæйттыл адих кæнын, хæйттæм гæсгæ текстæн пълан бацæттæ кæнын;
- бакаст текстмæ гæсгæ лæвæрд фæрстытæн дзуапп дæттын;
- текст кæсгæйæ дзы хъæугæ информаци ссарын;
- тексты æмæ параграфы сæргондмæ базонын, ныхас дзы цæуыл цæудзæн, уый;
- дзырдуаты хъæугæ æрмæг ссарны;
- логикон цавд раст æвæрын, паудзæтæ раст кæнын;
- текст раст хъæлæсы уагæй кæсын.
**Дзурын:**
- ахуыргæнæджы фарстæн дзуапп дæттын;
- бакаст текст бæлвырдæй кæнæ æлвæстæй раргом кæнын, тексты хуыз бахъахъхъæнгæйæ;

- дзургæ ныхас раст аразын, хъуыды раст æргом кæнын;
- æвзаджы мадзæлттæй æмæ интонацийæ раст пайда кæнгæйæ хи хъуыдытæ раст æргом кæнын.

**Фыссын:**

- алыхуызон текстты бæлвырдæй кæнæ æлвæстæй æргом кæнын;
- сæ функционалон хуызмæ гæсгæ алыхуызон текстты аразын;
- сочиненийæн пълан бацæттæ кæнын, пъланмæ гæсгæ сочинени фыссын;
- тексты темæ æмæ сæйраг хъуыды иртасын;
- текст абзацтыл дих кæнын;
- чысыл текстты фыссын (сочинени-миниатюрæ фыссын, ахуырадон-наукон текстты дæр);
- текст аразгæйæ, алыхуызон дзырдуæттæй пайда кæнын;
- хи хъуыды æргом кæнын;
- тексты ссарын æрфысты, таурæгъы æмæ тæрхоны элементтæ;
- текстæн æрхъуыды кæнын, йæ сæйраг хъуыды æмæ темæ æргом чи кæны, ахæм сæргонд;
- хи кæнæ искæй ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын.

**Фонетикæ и орфоэпийæ:**

- дзырды мыртæ раст рахицæн кæнын, классификаци сын скæнын;
- цавдон æмæ æнæцавдон уæнгтæ бæрæг кæнын; мыртæ æмæ дамгъæтæ иртасын;
- хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ, дзырдтæ раст дзурын.

**Графикæ:**

- ирон алфавит зонын, дамгъæтæ раст кæсын;
- дзырдуатимæ кусгæйæ, алфавитæй раст пайда кæнын;
- мырон-дамгъон анализ кæнын зонын.

**Морфемикæ:**

- дзырды морфемæтæ хицæн кæнын;
- æмуидагон дзырдтæ ссарын;
- æмуидагон дзырдты нысаниуæг разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты фæрцы куыд ивы, уый иртасын;
- морфемæйы нысаниуæг иртасын.

**Лексикологи:**

- дзырды лексикон нысаниуæг бацамонын алыхуызон мадзæлттæй пайда кæнгæйæ (дзырдуатæй пайда кæнгæйæ, уырыссаг æвзагмæ йæ тæлмац кæнгæйæ, синонимтæ æмæ йæм антонимтæ ссаргæйæ, æмуидагон дзырдтæм гæсгæ);
- дзырдтæ тематикон къордтæм гæсгæ дих кæнын;
- дзырдтæй сæ лексикон нысаниуæгмæ гæсгæ раст пайда кæнын;
- дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ иртасын;
- омонимтæ бирæнысанон дзырдтæй иртасын;
- дзырдтæм синонимтæ æмæ антонимтæ агурын;

- синонимты рæнхъæй хъæугæ дзырд равзарын;
- тексты ссарын аивгæнæн мадзæлттæ (дзырдтæ ахæсгæ нысаниуæджы);
- ирон ныхасы хуымæтæгдæр этикетон нормæтæй пайда кæнын;
- синонимтæй тексты хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл бæттынæн пайда кæнын.

**Морфологи:**

- ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ иртасын;
- номдарты, миногонты, нымæцонты æмæ мивдисджыты морфологион æууæлтæ иртасын;
- дзырдтæ тасындзæг æмæ ифтындзæг кæнын, дзырды формæ аивын зонын;
- рацыд ныхасы хæйттæй ныхас кæнгæйæ раст пайда кæнын.

**Орфографи:**

- морфемæты орфограммæтæ ссарын;
- дзырдтæ орфограммæтæм гæсгæ фæкъорд кæнын;
- æмуидагон дзырдтæ ссарнымæ, орфографион æгъдæуттæй пайда кæнынмæ;
- дзургæйæ бацамонын дзырды растфыссынад;
- раиртæстмæ гæсгæ дæнцæгтæ ссарын.

**Синтаксис æмæ пунктуаци:**

- хъуыдыйады дзырдбæстытæ рахицæн кæнын;
- дзырдбасты сæйраг æмæ дæлбар дзхырд ссарын;
- дзырдбæстытæ аразын;
- дывæрсыг хъуыдыйады грамматикон бындур ссарын;
- хъуыдыйæдтæ аразын;
- сбæрæг кæнын хъуыдыйады хуыз йæ загъды нысанмæгæсгæ, цал грамматикон бындуры дзы ис, уымæ гæсгæ;
- хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын;
- хъуыдыйады интонаци иртасын;
- тексты ссарын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ, бавæргæ дзырдтимæ, сидæнтимæ;
- ссарын, равзарын æмæ æръхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ;
- зонгæ пунктуацион æгъдауæй раст пайда кæнын;
- æрхæцæн нысæнтты æвæрд амонын;
- рацыд пунктуацион æгъдаумæ дæнцæг ссарын зонын.